Prijs franco per post f.——

Verkrijgbaar bij het Depôt van Leermiddelen te Weltevreden tegen toezending van een postwissel tot genoemd bedrag.

LAJANG

PARA BANGSA

KAMPOEN DÈNING

SASTRAWIRJA lan BOEDIDARMA

ING

KANIGARA. MADIOEN.

rpustakaan Nasional RI
B: - 484
No.186
1916

B-484
NO.186
1916

BRECHT & Co., Weltevreden
en 1916.

Serie uitgav
voo

PAR

SAST

Wewenangé ka

Lajang iki ia ken
koedoe ar

Ka-etjap

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Kp 62.040 B 4854 no 186 1916

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur, No. 186.

LAJANG

PARA BANGSA

KAIMPOEN DÉNING

SASTRAWIRJA lan BOEDIDARMA

ING

KANIGARA, MADIOEN.

Wewenangé kang nganggit karangan iki kaajoman déning angger taoen 1912 bab karang-karangan.

Lajang iki ia kena ka-etjap manèh, katoeroen oetawa ka-anggit manèh, nanging koedoe ana lajang palilahé Commissie voor de Volkslectuur, sarta koedoe katerangaké kapetik oetawa kapirid saka lajang apa.

Ka-etjap ing pangetjapané ALBRECHT & Co., Weltevreden
ing taoen 1916.

BATAVIAASCH GENOOTSCHAP VAN KUNSTEN EN WETENSCHAPPEN
PERPUSTAKAAN NASIONAL

Wiosip
melar ing
titahing G
piambak
angoengk
sana, sag
soemerep
Senady
koeng, éw
inggih wo
wonten i
wroeh po
ing sabe
djalaran
poenapa,
Mekaten
poenika
moegi pe
Manoer
witjalan,
warni-wa
piambak-
Saben sa
kekoelita
poen sah
Bangsa
ingkang
poen. As
awoning
saged an
oepami
kawroeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL

BEBOEKA.

Wiosipoen, menggah sadaja kawontenan ingkang goemelar ing donja, ingkang dédé damelan, sedaja anama titahing Goesti Allah. Déné titah waoe ingkang pinoendjoel piambak namoeng manoengsa. Kamoeljaning manoengsa angoengkoeli sa-isining djagad, sarta kadoenoengan witjaksana, saged anglahiraken sedyanipoen serana witjanten, soemerep-ing awon saé toewin saged tatakrama.

Senadyan manoengsa poenika sampoen nama linangkoeng, éwadéné menawi katanḍing sami déné manoengsa, inggih wonten oenḍa-oesoekipoen, wonten ingkang loehoer, wonten ingkang asor kawroehipoen. Loehoer asoring kawroeh poenika mitoeroet saking pasinaonipoen. Manoengsa ing saben dinten tansah minḍak ing seserepanipoen djalaran saking kekempalan oetawi soemerep poenapa-poenapa, ladjeng saged amewahi wiaring kawroehipoen. Mekaten waoe presasat sinaoe. Amila dangoening sinaoe poenika kénging kawastanan: wiwit lahir ngantos doemoegi pedjah.

Manoengsa sadjagad poenika kaṭahipoen presasat tanpa witjalan, woedjoedipoen inggih béda-béda, kekoelitanipoen warni-warni. Manoengsa semanten waoe gaḍah golongan piambak-piambak; saben sagolongan kawastanan: sabangsa. Saben sabangsa poenika tetiangipoen amasṭi sami mèmper kekoelitanipoen, warninipoen, penganggènipoen, tjaranipoen saha sanès-sanèsipoen.

Bangsa-bangsa waoe jèn katanḍing-tanḍing inggih wonten ingkang loehoer toewin wonten ingkang asor kawroehipoen. Asoring kawroeh saged anggèndèng sarta anoemoesi awoning bangsa. Kosok-wangsoelipoen loehoering kawroeh saged andjoendjoeng loehoering bangsa. Bangsa poenika oepami awak, kadjèning awak goemantoeng wonten kawroeh toewin bebœdènipoen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Wiaring kawroeh poenika kedah gegosokan, milanipoen perloe sanget para bangsa sami sesrawoengan sarta lintoe pemanggih, moerih sangsaja djembar seserepanipoen, saged angéwahi tjatjadipoen piambak, niroe bangsa sanèsipoen ingkang sampoen nama saé.

Serana mekaten poenika dangoe-dangoe bangsa ing sadjagad ladjeng dados saé sedaja. Ananging sawenèhing bangsa oegi wonten ingkang boten poeroen sesrawoengan kalian bangsa sanèsipoen, kados ta: bangsa Badoewi, Tengger, Ḍajak sapanoenggilanipoen, awit limrahipoen sedaja waoe teksih kalebet bangsa asor. Jèn mekaten, selaminipoen sa-èstoe boten baḍé wewah-wewah kawroehipoen. Oepaminipoen tiang ingkang tansah mempen wonten ing gria kémawon, menawi dipoen-timbang kalian tiang ingkang remen andon lelana, seserepanipoen amesṭi wiar ingkang remen lelana, djalaran djadjah.

Amargi saking mekaten waoe, ladjeng toewoeh sedyakoela adamel tjarios bab bangsa-bangsaning manoengsa ingkang kalebet dados tangga, inggih poenika ingkang sami manggèn ing tanah India Wétan, bawahipoen Kangdjeng Gouvernement, perloenipoen sageda amewahi seserepanipoen tiang ingkang dèrèng naté soemerep Lèr Kidoel; pemoerih-koela menawi gegineman ing bab poenika sampoen ngantos dipoen-èsemi ing lian, amergi saking boḍonipoen. Senadyan tjarios-koela poenika dèrèng sampoerna. éwadéné inggih namoeng lowoeng tinimbang boten ngertos babar pisan, awit ing wekdal poenika pantjèn teksih kaṭah sanget bangsa-koela ingkang roepak, dèrèng naté soemerep ing poeroeg. Woesana serat poenika dadosa wewaosanipoen, soepados angiṇḍakaken djadjahing seserepan sawetawis.

KANIGARA, kaping 1 Januari 1914.

SASTRAWIRJA. BOEDIDARMA.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

1. WONG SOENḌA.

Kang di-enggoni wong Soenḍa ikoe tanah Djawa kang sisih Koelon. Moenggoeha keradjan mengkono kang di-arahi koeṭa karatané ja ikoe ing Banḍoeng. Basané ia aran temboeng Soenḍa, Mlajoe seṭiṭik, Djawa seṭiṭik. Peketjapané kaja wong Mlajoe ora bisa ngetjapaké aksara *da* lan *ṭa*. Moelané aksarané ia aksara Djawa, nanging tjatjahé moeng 18, amerga ora nganggo da lan ṭa maoe. Déné basa kang misoewoer aloesé ing Tjiandjoer.

Tatakramané ora béda karo wong Djawa, penganggoné oega ora pati akèh gèsèhé, moeng katjèké: jèn wong lanang Soenḍa bebedé saroeng, jèn wong Djawa djarit. Wongé wadon kaleboe betjik-betjik, amerga ḍasaré paḍa angadi-adi sanḍangan. Sanḍangané maoe ḍemen kang sarwa abjor. Prekara penganggo, sing diperlokaké wongé wadon; sawisé tjoekoep noeli sing lanang. Pengoe-pakaraning awak dipersoedi banget. Moenggoeh resikané kena ka-oepamakaké paḍa karo bangsa Welanda.

Omahé wong Soenḍa wangoené kaja langgar, kang digawé kajoe lan pring, pajoné genḍèng. Penatané kaleboe bagoes lan resik-resik goemrining.

Wewatekané wong Soenḍa ikoe kèh-kèhé gemi, bisa anjimpeni marang kaskajané. Nanging menawa panoedjoe doewé karep apa-apa, apadéné ana ing sadjroné pesa-moean oetawa keraméan, adaté ora ngéman banḍa, moeng perloe digawé noeroeti kasenengané.

Agamané wong Soenḍa ikoe Islam, mèh seḍéngah wong bisa ngadji sarta lanang wadon akèh kang bisa noelis temboeng Soenḍa nganggo aksara Arab. Senadyan wis soewé enggoné mandjing agama Islam, éwadéné goegon-toehoné ia isih djiblès karo wong Djawa. Wong Soenḍa ikoe kang diwedèni manoek koreak. Saka pe-njanané manoek maoe sétan angideri boemi anggawa lelara.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Bab patrapé wong alaki-rabi ia moeng satitik banget bédané karo wong Djawa, presasat ora ana gèsèhé.

Gegawéané wong Soenda ikoe betjik-betjik lan aloes-aloes. Kang akèh gawé piranti saka pring, pendjalin, kaja ta: slepi, lampit, toedoeng, petèn lan lia-liané. Wongé wadon oega ana kang ambatik, nanging gagraging batikan oetawa babarané béda karo gawéané wong Djawa.

Sing ngoepaja sandang pangan ikoe presasat moeng wong lanang tok; wongé wadon moeng angadi warna. Ing pasar-pasar, waroeng-waroeng mèh kebak déning wong lanang, ja ikoe kang pada adol-tinoekoe. Wong wadon ia ana, nanging tjatjahé setitik banget tinimbang wong lanang. Malah kena di-arani ora ana wong agotang-rojang, agendon-roekan golèk kaboetoehan kang anjoekoepi kanggo omah-omah.

Pengoepadjiwané wong Soenda ikoe tetanèn, kaja ta: nandoer pari, djagoeng, palawidja sapepadané. Ana manèh kang pakarjané ngingoe iwak ana ing sawah, kang di-ingoe iwak gramèh, iwak mas (1) lan lia-liané manèh.

---

2. WONG MEDOERA.

Wong Medoera manggon ing poelo Medoera sarta soemebar ing tanah Djawa sisih Wétan. Adat-tjarané mèh pada karo wong Djawa, mengkono oega bab omahé.

Penganggoné kang lanang: iket, bebed, koelambi, kabèh sarwa singset. Wongé tjilik katoké kalèt nganti mèh kraket karo koelit. Wongé wadon tapihan oetawa saroengan, moeng salembar tanpa rangkepan, klambèn ora nganggo kemben; sikilé ana kang nganggo gelang. Sawenèhing wong lanang koepingé nganggo tindik.

Wong Medoera agamané Islam, nanging goegontoehoné pada baé karo wong Djawa, ngandel marang djedjimat sapitoeroeté. Demen banget marang ngèlmoe sikir, kaja ta: ngèlmoe kang marakaké woeleding koelit, atosing

(1) *Iwak mas* = *wader abang (waderbang).*

PERPUSTAKAAN NASIONAL

baloeng, ora pasah tapak paloening pandé lan lia-liané bangsa kedotan. Moelané mengkono, awit wong Medoera ikoe wataké brangasan, demen kerengan, ora kena kapetit ing basa, oemoek, sesongaran lan kendel-kendel. Djalaran saka mengkono ing Medoera sarta tanah-tanah kang dienggoni déning wong Medoera kerep ana reroesoeh prekara kerengan, ananging sing kerep ia moengsoeh pada bangsané déwé, sabab dasar pada kendelé.

Wongé lanang jèn loenga amesti sikep gegaman, sing akèh glati, woedjoedé kaja pangot, terkadang keris oetawa gegaman liané kang landep. Nganti sepréné ing kono isih akèh wong mati kang lantaran kekerengan.

Kedjaba kekerengan, kang dadi kesenengané ngabotohan, kaja ta: adoe djago, ombén-ombénan sapenoenggalané.

Wongé tjilik pada karem ngombé toeak, kang digawé badèging siwalan nganggo diboemboni. Ikoe ia bisa mendemi kaja déné inoeman keras. Déné kang di-anggo ngombé loemrahé boemboeng. Sadjroning seneng-seneng pada ngombé toerkadang ramé noeli salin selaga dadi kerengan, orang wong sing gelem ngalah basa saketjap. Mengkono maoe anélakaké jèn atèn-atèné isih akéh sing tjekak.

Wong Medoera ikoe lanang wadon pawakané neratjak tjilik-tjilik, koeat-koeat lan kijeng-kijeng; pesemoné metjitat memedèni. Ambeké loemoehoer, soedjaman, boetarepan lan mèlikan.

Wong Medoera ikoe ia doewé basa lan sastra déwé; sastrané pada karo aksara Djawa. Basané kaleboe aloes, akèh lajang-lajang kang katoelis ing basa Medoera. Basa Medoera ikoe akèh emperé karo basa Djawa sarta basa Mlajoe. Ketjaping swara tjekak lan mantep-mantep, sing akèh swarané doemoenoeng ing gorokan. Basa Medoera ikoe kang aloes déwé ing Bangkalan sarta ing Soemenep.

Pengoepadjiwané sing bakoe: tetanèn, dedagangan, amèk iwak, nenoekang lan lia-liané. Pemetoené tetanèn di-edol menjang Soerabaja. Wong Medoera enggoné demen dodol ratengan nganti tekan ing endi-endi. Wong pesisir

PERPUSTAKAAN NASIONAL

paḍa baoed gawé praoe lan wasis ngambah ing segara, malah sawenèhing panggonan wongé ana kang gelem ambégal ana ing segara (ambadjag). Ḍeḍasaré wong Medoera ikoe teberi njamboet gawé, tjatjadé akèh sing kemproh. Penjamboeté gawé dadi pengalemané para toean-toean toko, toean-toean persil kopi lan lia-liané. Ananging pangerèhé koedoe aloes, ora kena nganggo temboeng kasar, awit menawa dikasar ambilaèni, mesṭi wani paḍa sekala.

Enggoné anggemèni kaskajané kaleboe pinter, sepira olèhé dikekenṭil, sing dipangan moeng satjoekoepé, anggeré ora kaliren, lan pemangané presadja. Jèn ana ing paran, mangka tjèlèngané wis rada akèh, bandjoer moelih marang negarané, ḍoewité ditoekokaké sawah, pekarangan oetawa kéwan, mengkono pretikelé. Déné jèn wis soegih, akèh kang ḍemen moenggah kadji.

Bab pengingoené radjakaja kagolong pinter-pinter, moelané sapi weton Medoera misoewoer betjiké.

---

3. WONG BADOEWI.

Anadéné kang di-arani wong Badoewi ikoe, saka tjaritané: toeroenaning wong Banten kang ngoengsi mengidoel, nalikané ing kono katekan wong kang mentjaraké agama Islam. Ḍèwèké ora gelem nganggep marang agama anjar ikoe, temahan milaloe loenga saka ing kono. Moenggoeh temboeng „Badoewi" ikoe kira-kira asalé saka wong Arab, bokmenawa dipaḍakaké Badoewi ing tanah Arab, ja ikoe wong kang kaleboe asor. Sabandjoere temboeng Badoewi maoe katelah kanggo ngarani bangsané wong plajon saka Pedjadjaran (Bogor).

Jèn mitoeroet soerasané dedongèngané wong Badoewi kang digawé kekidoengan, kaja-kaja doedoe asalé wong Banten, sebab ora ana irib-iribé, bokmenawa baé maoe-maoené plajon saka Pedjadjaran (Bogor).

Wong maoe agamané Boeda, ananging wis oah banget karo Boeda sing sedjati. Kang di-imanaké para déwa

sawetara. Déné tetoenggoelé para déwa maoe aran Bętara Toenggal, kahjangané ana ing alas sakidoeling Tjibéo, ora pati adoh karo toeké kali Tjioedjoeng, arané Artja ḍomas. Bątara Toenggal maoe selawasé ora taoe ngaton marang manoengsa. Kahjangané ikoe banget dipepoenḍi, ora kena ditekani wong mantja (doedoe Badoewi).

Wong Badoewi ikoe ora gelem sesrawoengan lan wong mantja. Wongé wadon sarta botjah-botjahé ora kena babar pisan metoe saka pedésané, oetawa katon ing wong ngamantja. Kang dadi leloerahé aran „girang pohon", ikoe kena metoe saka ing désa Tjibéo, sarta ia ora kena katemoe lan wong lian bangsa.

Désa Tjibéo maoe di-enggoni wong patangpoeloeh somah, ka-aranan „orang kadjeroan" ja ikoe sing dadi kelèrèhané girang pohon. Wong semono maoe ana sidji kang apangkat „girang serat" ikoe dadi kongkonané girang pohon maoe. Déné wong liané kang kaseboet ing ḍoewoer maoe ka-aranan „orang keloearan". Wong keloearan ikoe kena katemoe karo wong mantja, leloengan, adoltinoekoe lan sapenoenggalané.

Wewatekané wong Badoewi ikoe presadja banget, atiné soetji, ora gelem goroh, ngenjolong sapepaḍané penggawé ala. Sarta banget enggoné naloeri marang adat koena; samoebarang kang anjar, ka-aranan *boejoet,* tegesé „ora ilok". Kabèh paḍa anglakoni: ora kena nandoer pari ing sawah, nenoenggang, toeroe ing ambèn, lan koedoe anjing-kiri sąmoebarang kang agawé kasenengané, ora kena moekti, lan lia-liané kang agawé kanikmatan.

Pedésané tata-tentrem, ora ana lakoe tjolong djoepoek, goroh-ginorohan; pepadon mèh ora ana babar pisan. Wong-wongé ing pesemon katon ajeman. Pengoepadjiwané nenandoer, pemetoené dipangan oetawa digawé oeroep-oeroepan karo barang kang dadi kaboetoehané, semono maoe moeng karo paḍa bangsané baé. Ana oega kang gelęm adol marang bangsa lia, nanging moeng wong keloearan, djalaran pantjèn diwenangaké katemoe sarta sesrawoengan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

4. WONG TENGGER.

Moenggoeh wong Tengger ikoe panggonané ana ing èrèng-èrèngé goenoeng Tengger, bawah parésidénan Pesoeroehan lan afdeeling Probalingga. Déné padésané kaleboe akèh, kaja ta: Poerwana, Wanakitri, Padakaja, Ngadiwana, Tasari lan lia-liané manèh.

Ing djaman bidèn pedésan goenoeng Tengger ikoe aran désa Ila-ila oetawa Kabadjradaran, ja ikoe kalané isih kebawah ing kraton Madjapait. Dèk semana kang djoemeneng ratoe adjedjoeloek Praboe Ajamwoeroek. Saka kersané sang Praboe ing désa Walanditan kaloepoetaké ing padjeg, dadi pardikan, sebab désa maoe kaleboe ila-ila, wong ing kono dadi oeloening sanghjang Brahma.

Ing nalikané djaman Soeltan Agoeng, ing Singasari oetawa Gadjahmada kabedah déning wong Metaram, wongé akèh kang kabojong menjang Metaram, wong Tengger ia ana kang katoet kebojong.

Ing djaman sa-iki ing Soerakarta lan ing Ngajogjakarta isih ana abdidalem kang aran wong *gadjahmati* oetawa *soemandjali*, ikoe toeroené wong kebojongan saka ing Tengger maoe, gawéné roemeksa abah-abahing titihandalem, gawé tjemeti lan gawé petjoet. Dèk djaman Kartasoera wong Tengger isih kebawah ing kraton Djawa.

Wong Tengger ikoe banget naloeri marang adat koena sarta doewé pengétoeng déwé bab taoen lan sasi. Pengétoengé maoe mèmper pengétoengé wong Arab, mitoetoeroet lakoening remboelan. Setaoen oemoeré 354 dina, nanging windoené moeng 5 taoen sarta saben taoen kang kalima oemoeré 13 sasi. Dadi windoené wong Tengger maoe ana dinané $354 \times 5 + 30 = 1800$ dina. Ratjaké setaoen ana 1800 dina: 5 = 360 dina. Kedjaba étoengan taoen lan sasi ia andoewèni étoengan pasaran, mawoelan (peringkelan), woekon, pangoeron lan padangan, woekoené ia 30 dina, oemoeré 7 dina. Pangoeron oemoeré 8 dina lan padangan oemoeré 9 dina.

Wong Tengger ikoe tjatoerané ia tjara Djawa, nanging

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ora doewé basa krama sarta nganggo temboeng-temboeng kang sa-iki wis ora taoe kanggo, kaja ta: *réang,* tegesé: akoe, mengkono sapepadané. Paketjapané aksara legena ora mèmper babar pisan karo paketjapané wong Djawa, ora miring, ora djedjeg, mèmper Madoera setitik, Bali setitik.

Agamané wong Tengger ikoe kena kapérang dadi loro, ja ikoe: memoelé marang danjang merkajangan lan nembah marang sanghiang Brahma, ora ana èmperé karo agama Boeda. Wong ing kona ora doewé masdjid oetawa pepoendèn.

Omahé wong Tengger ikoe mèmper omahé wong Djawa oetawa wong Bali, nanging gedé banget, dawané nganti 30 M. lan ambané 8 M., pageré blabag kasar, pajoné welit, djendélané kèh-kèhé moeng loro, moelané peteng lan soempeg, djalaran hawané ora bisa solan-salin. Oedjoeré kabèh mengidoel, jaikoe ngener goenoeng Soemèroe; lawangé moeng sidji, demoenoeng ing kidoelwétan. Saben omah sisihé kang lor didèkèki bediang ngiras kanggo pawon olah-olah. Sa-oeroeté pager ana ambèné piranti leloenggoehan, ing tengah disingget-singget digawé toeroe. Omah maoe di-enggoni wong sa-anak poetoené. Ing saben omah ana panggonan sawidji kang di-arani sanggar pamelengan, pernahé tjedak lan lawang, woedjoedé kaja paga, ing kono panggonan ngrawati poesaka; jèn noedjoe dina betjik, disadjèni. Déné jèn ningkahaké pengantèn, ia ana ing satjedaké sanggar pamelengan maoe.

Wong Tengger ikoe kang dadi pangané sega djagoeng; mangan sega moeng kala mangsa, jèn olèh saka wong ngaré. Sing dadi pengoepadjiwané tetanèn, déné kang ditandoer: brambang, bawang, kentang, kobis, boentjis, sapenoenggalané. Kawroehé nenandoer mengkono maoe, oedjaré dèk koena-koenané olèh woelangané adjar ing goenoeng Soemèroe. Wong ing kono ikoe demen banget marang gamelan sarta wajang, nanging arang-arang sing doewé.

Tjaranè ing kono arang kang wajoeh, kabèh ia pada tetak. Bab penganggoné wong lanang lan wong wadon,

PERPUSTAKAAN NASIONAL

mèh ora béda karo penganggoné wong Djawa. Déné jèn mati majidé dipendem moedjoer mengidoel, ja ikoe ngoedjoeraké goenoeng Soemèroe.

---

5. WONG MLAJOE.

Wong Mlajoe ikoe doenoengé ana ing Minangkabo, saka ing kono soemebar menjang kapoeloan Indi Wétan, kaja ta: Malaka, Rio, Bornéo, lan lia-liané. Wong Mlajoe ing pesisir Soematra sisih koelon aran wong Minangkabo, wewatekané koemloengkoeng, ora andap asor, tansah njoedjanani marang wong mantja, lan ora doewé panarima marang kabetjikaning wong. Kasenengané ngabotohan, ngadoe djago, marang pegawéan ora seneng. Nanging ia ana oega apiké, djalaran temen, weroeh doega-doega lan wetara sapenoenggalané.

Penganggoné wong lanang: koelambi, saboek, tjlana landoeng, jèn ana ing omah moeng ngliga baé. Déné jèn loemakoe nganggo keris disengkelit ing saboek (ikat pinggang). Kerisé tjendak banget, aranè *séwah* oetawa *séwar*. Kedjaba ikoe akèh kang nganggo sapoetangan gembaja, disampiraké ana ing poendak, mengkono maoe dianggo kabesoesan, lan ia nganggo iket, aranè *deta* oetawa *destar*. Penganggoné iket moeng djeplakan baé, dadi goendoelé ing tengah katon.

Wongé wadon ia nganggo djarit, nanging tjendak, ora bisa oebed, moeng tangkep pélas ana ing sisih kiwa, ananging klambiné landoeng banget, ikoe prasasat ngrangkepi djaritè, sarta nganggo slendang kaja wong Djawa. Wong wadon Mlajoe ikoe seneng banget nganggo soeweng, ali-ali lan gelang.

Pedésané ka-aranan *nagari*, déné pedésan kang kinoebeng ing bètèng oetawa pager pring ori ka-aranan *kota*. Saben sakampoeng di-enggoni wong sakoelawarga, aranè *soekoe*, ikoe pantjer wadon. Ing tengah-tengahé kota ana aloen-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aloené, ka-aranan *perdamaian*, kinoebeng ing *balai-balai* (1), *soerau* (2) lan masdjid. Omah-omahé kabèh kaja panggoeng, nganggo anḍa kena digawé moenggah moeḍoen. Omah maoe ing djero kasingget-singget, sasinggeté di-arani *roeang* oetawa *bilik* (3). Bilik ikoe di-enggoni wong sasomah, kang ginawé pajon doek, nipah oetawa klokopaning wit keloewih (4).

Basa Mlajoe Minangkabo ikoe béda karo basa Mlajoe Rio oetawa Malaka; toelisané nganggo sastra Arab, ana oega kang nganggo sastra Latin.

Wong Minangkabo ikoe senadyan wis lawas enggoné mandjing agama Islam, éwadéné ia isih goegon-toehon banget, ngandel marang lelemboet, ḍeḍemit sapenoenggalané. Sing diwedèni banget arané *orang aloes*, ikoe gawéné nglambrang menjang pedésan, kedadéané saka soekmané wong kang wis mati, metoe saka ing koeboeran, bandjoer mandjing marang kéwan, terkaḍang manggon ing sawidjiné panggonan. Ikoe kang mahanani angkering panggonan maoe.

Kang ka-aranan sedoeloer noenggal soekoe ikoe sedoeloer pantjer wadon. Wong kang noenggal soekoe maoe omahé ora noenggal sedésa, ananging pating salebar. Déné kang noenggal embok ka-aranan *samandai*. Sedoeloer kang toenggal bapa ka-anggep doedoe sedoeloer. Jèn wis rada adoh di-arani *seboeah peroet*. Wong sasoekoe ikoe diloerahi sidji, arané *panghoeloe soekoe* oetawa *panghoeloe poetjoek*. Pangkaté mengkono maoe toeroen-temoeroen. Kedjaba ngloerahi wong sasoekoe panghoeloe soekoe ikoe ia ngerèhaké marang anak saboeah peroet.

Panghoeloe poetjoek ikoe andoewèni sorsoran teloe, ja ikoe: *manti* (5), *malim* (6) lan *doebalang* (7). Pangkat

---

(1) *panggonan rapat, sa-èmper predata.*
(2) *langgar,*
(3) *sentong,*
(4) *keloewih, ing basa Mlajoe* kolowi *oetawa* soekoen.
(5) *manti* = *mantri.*
(6) *malim* = *moe'alim.*
(7) *doebalang* = *hoeloebalang.*

maoe ia toeroen-temoeroen. Sarèhné se-désa ikoe di-enggoni wong teloeng soekoe oetawa patang soekoe, dadi kedjaba panghoeloe soekoe ana manèh kang ngloerahi ing sawidji-widjiné soekoe kang noenggal se-désa, di-arani *panghoeloe ketjil*. Jèn ana wong prekaran kang noenggal soekoe, kang ngrampoengi *rapat*, ja ikoe pekoempoelané panghoeloe ketjil lan panghoeloe poetjoek. Déné menawa kang prekaran ikoe ora noenggal soekoe, kang ngrampoengi koedoe panghoeloe ketjil loro oetawa teloeng soekoe. Kepala kang kaseboet maoe pada ora tampa belandja saka Kangdjeng Gouvernement. Déné kang diparingi belandja arané *toeankoe laras* (1), ja ikoe kang dadi penggedéné laras oetawa distrikt, dadiné serana kapilih wong salaras, bandjoer katetepaké déning Kangdjeng Gouvernement, kaparingan belandja *f* 80 sesasiné. Toeankoe laras maoe ngerèhaké *panghoeloe kepala* lan *panghoeloe kampoeng;* ikoe kabèh pada ngoelat-oelataké peprèntahaning panghoeloe soekoe, lan ia dadi lid ing rapat, soepaja tindaking pengadilan bisa djedjeg. Sarèhné toeankoe laras maoe nindakaké peréntah Gouvernement, moelané ka-aranan *panghoeloe rodi* (2).

Moenggoeh wong kang noenggal soekoe maoe ora kena bésanan. Déné wong wadon kang wis laki, ikoe isih koempoel karo sanak-sedoeloeré, dadi ora mèloe bodjoné, lan ia ora dadi koelawarganing bodjoné. Mengkono oega sing lanang, ia isih manggon noenggal karo sanak-sedoeloeré dèwé, moeng saben-saben menjang panggonané sing wadon, lakoené kaja wong mara dajoh baé. Ana ing kono di-arani *orang menoempang*. Goenakajané sarta barang darbèké kang saka warisan oetawa liané, ora dadi doewèking bodjoné, nanging kadarbé déning sedoeloeré kang noenggal embok lan anaking sedoeloeré. Déné bodjo lan anaké moeng diwènèhi setitik. Wong samandai ikoe ana penggedéné sidji, ka-aranan *mamak*, sing dadi anaké

---

(1) *toeankoe laras, ing tanah Djawa pangkat wedana.*
(2) *rodi, saka temboeng Welanda* order *tegesé peréntah.*

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lanang sedoeloeré kang toea ḍéwé. Ḍèk bijèn mamak ikoe pengoeasané geḍé banget, malah wenang ngedol keponakané. Wong Minangkabo ikoe arang-arang ketemoe marang bapa; djalaran saka prenatan kaja ḍeḍajohan maoe, dadi marang bapakné ora tresna.

Barang radja darbèké kang saka warisané wong toea-toea di-arani *harta poesaka,* ikoe ora kena diḍinḍal; kang andarbèni wong sasoekoe. Jèn arep anḍinḍal, koedoe saremboeg lan wong sasoekoe kabèh. Déné kaskajané ḍéwé ka-aranan *harta pentjaharian,* ikoe kena diwènèhaké anak bodjoné. Ing Paḍanghilir adat mengkono maoe wis rada oah, malah sawenèhing penggeḍé wis ana sing ninggal adat ikoe, sebab di-anggep koerang prajoga.

Wong wadon kang wis laki, bandjoer digawèkaké bilik, di-enggoni sa-anaké, di-arani *andjoeing,* moelané saja lawas omahé sangsaja dawa. Nanging jèn wis kedawan, mangka ana kang koedoe ginawèkaké bilik manèh, ikoe digawèkaké ana ing sédjé panggonan, nanging isih noenggal sapekarangan, di-arani *kampoeing.* Dadi sapekarangan ana loro oetawa teloe, terkaḍang patang kampoeing. Wong kang saboeah peroet, ja ikoe kang noenggal nini oetawa boejoet, sebandjoeré, menawa ninèkné oetawa boejoeté isih oerip, paḍa diwenangaké ngenggoni bilik. Ananging jèn wis mati, biliké noeli diwènèhaké marang anaké wadon.

---

6. WONG BATAK.

Wong Batak ikoe pedoenoengané ana ing sakoebengé telaga Toba (Soematra), ka-apit-apit negara kang woes ka-asta Kangdjeng Gouvernement. Tanah Batak ikoe saja lawas sangsaja akèh kang kebawah déning Kangdjeng Gouvernement, djalaran paḍa noengkoel aris (tanpa perang), ja ikoe ing tanah Karo sarta kiwa-tengené. Nalika ing taoen 1905 kadadèkaké sa-afdeeling, kabawah parésiḍénan Soematra pesisir Wétan (residentie Oostkust van Suma-

PERPUSTAKAAN NASIONAL

tra) (*). Plato (**) Toba ikoe ḍoewoeré koerang loewih 1200 M., tlagané ka-aranan *tao* (tjara Batak, tegesé: tlaga) kinoebeng ing pedésan ṗirang-pirang.

Wong Batak ikoe kagolong bangsa Mlajoe, nanging alasan, weroehé tata moeng seṭiṭik banget. Bangsa liané ngarani jèn wong Batak ikoe bangsa Mlajoe, nanging wong batak ḍéwé ngarani *bangsa Toba,* ketarik saka panggonan kang didoenoengi. Pedésané wong Batak ikoe ka-aranan *oeta,* sarta ing saben désa ana loerahé di-arani *radja.* Jèn ora ana perangan pengoeasaning radja moeng seṭiṭik banget, ora kena mréntah oetawa meksa. Nanging jèn panoedjoe ana perang, para radja maoe geḍé pengoeasané, awit kabèh kelèrèhané, koedoe amitoeroet saperéntahé. Ing djaman koenané tanah Batak ikoe ana radjané geḍé sidji, dadi tetoenggoeling para radja kabèh. Wetara limalas taoen kepoengkoer ana radja sidji kang banget di-èringi déning wong Batak, djedjoeloeké *Si Singa manga radja,* kira-kira ikoe toeroené radja ing djaman koena.

Moenggoeh oeta (pedésané wong Batak) maoe kinoebeng ing pring ari loewih déning sentosa. Dalané kang loemeboe marang oeta ikoe roempil banget; perloené menawa panoedjoe ana perang, ora gampang kaleban moengsoeh. Prenataning omah kaja panggoeng. Ing tengah oeta ana omahé sidji aran *soppo* kanggo pedoenoengané para djaka lan papan pemonḍokané wong mantja kang teka ing kono, apadéné kanggo panggonané para pinitoea jèn panoedjoe ngremboeg prekara. Lotèngé soppo maoe minangka loemboengé wong se-désa, sarta kanggo ngroemat *poestaka,* ja ikoe primbon lan oenḍang-oenḍangé radja ing djaman koena.

Wong Batak ikoe kang isih toelèn paḍa nembah brahala. Déné kang wis gelem woworan lan wong mantja, ana kang wis mandjing agama Islam oetawa Kristen.

(*) *Wiwit taoen 1915 parésidénan ikoe kadadèkaké Gouvernement, tegesé bawahing Gouverneur; moelané bandjoer aran: Gouvernement Sumatra's Oostkust.*

(**) *plato (beneré:* plateau*) papan rata ing pegoenoengan.*

Lelemboet kang dipengéran déning wong Batak ikoe aran *Dibata* (†) lan *Batara Goeroe*. Kedjaba ikoe maoe ana manèh kang dipoendi-poendi, ja ikoe soekmané leloehoeré ka-aranan *begoe*. Soekmané sanak-sedoeloeré ka-aranan *soemangat*. Wong Batak ikoe ora doewé mesdjid; menawa slametan imané ka-aranan *datoe* oetawa *sibaso* (lebé). Sibaso ikoe kang akèh wong wadon, bisa ngètoengi sarta pada dadi préwangan.

Wong Batak ikoe doewé basa lan sastra déwé. Basané kena kapérang dadi teloe, ja ikoe: basa *Toba*, basa *Daili* lan basa *Mandaéling*. Sastrané ikoe petikan saka sastra Indoe, nanging wis akèh oahé, ana èmperé karo sastra Lampoeng. Penoelisé ana ing blébékan pring oetawa koelitaning kajoe. Kang katoelis ana ing koeliting kajoe (klika) ka-aranan *poestaka*.

Adaté wong Batak ikoe demen peperangan. Jèn arep perang, kirim lajang penantang disik, penoelisé ana ing blébékan pring, soerasané ngoeman-oeman marang kang tinantang. Lajang maoe dikantèni kajoe lan ketéla setoegel, kanggo prelambang pedang sarta endas kang wis ditoegel. Déné wong kang wis kalah perangé, bandjoer dadi batoer toekon, oetawa dipangan dagingé oerip-oeripan baé. Kang dipangan maoe menawa kalané katjekel isih 'nggawa gegaman. Kedjaba ikoe ana manèh wong kang dipangan oerip-oeripan, ja ikoe kang dosa gedé, kaja ta: tjidra marang désané, dadi teliking moengsoeh sapenoenggalané.

Jèn mangkat perang pada nganggo djimat, soepaja adja pasah tapak paloening pandé. Djimaté ikoe warna-warna, ana kang aran *panghoeloe balang*, kang digawé baloeng tjoemploeng setitik di-adoni roepa-roepa. Ana manèh kang ka-aranan *parpaharan*, woedjoedé wong-wongan kajoe. Menawa enggoné perang menang, bandjoer pada boengah-boengah. Déné jèn sidekah ana ing ara-ara oetawa sangi-soring wit-witan gedé.

(†) Dibata *saka temboeng* déwata, *ja ikoe: déwa*.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Pengoepadjiwané wong Batak ikoe tetanèn, ananging menawa panoedjoe perang, bandjoer lèrèn, moelanê andadèkaké kapitoenan gedé. Sawenèhing bangsa Batak wongé lanang pada nganggoer, ora gelem njamboet gawé, moeng pada ngabotohan, adoe djago, oetawa omong-omongan ana ing soppo. Déné kang njamboet gawé moeng sing wadon. Ana manèh kang wongé lanang demen njamboet gawé, nanging sing wadon moeng nganggoer ana ing omah. Wong Batak ikoe ia ana kang bisa nenoekang kaja ta: ngoekir-oekir, gawé barang tembaga, gading, gawé gegaman oetawa lia-liané.

---

7. WONG DJAJAK.

Kang ka-aranan wong Djajak ikoe wong Bornéo kang sedjati. Djajak tegesé: wong dagang, dadi satemené doedoe araning bangsa, nanging bandjoer di-anggo ngarani saben wong Bornéo, kang doeroeng weroeh ing tata, ia katelah bangsa Djajak.

Bangsa Djajak ikoe warna-warna. Araning bangsa metik saka araning pedésané; terkadang ia ana kang kapetikaké araning kali kang tjedak lan pedésané, kaja ta: *Olo Ngadjoe*, *Olo Kahajan*, *Od Danoem*, *Od Siang* (1), sapenoenggalané. Saben sadésa kena diarani sabangsa déwé, dadi bangsané maoe akèh banget. Adat-tjarané sarta tetemboengané ia béda-béda.

Wong Djajak ikoe pawakané loewih gedé tinimbang wong Mlajoe ing Soematra. Kekoelitané kang akèh koening, ramboeté ireng, ora gimbal, sarta rosa-rosa. Keteberèné ora kalah karo wong Mlajoe. Wewatakané kleboe betjik, temen-temen lan setya. Loemrahe wong Djajak ikoe baoed mitjara.

Pemangané weroeh ing doega-doega lan wetara, nanging

(1) Olo *sarta* Od *tegesé: wong.*

jèn panoedjoe ramé-ramé ora wroeh ing nista, tinggal doega-doega lan wetara. Sawenèhing wong Dajak, kaja ta: wong Tering, ikoe karem mangan daginging wong. Ana manèh kasenengané mangan oeteké moengsoehé kang ketjekel ana ing peprangan; pemangané mentahan baé. Déné kang wis dadi keloemrahané ikoe *manganjau* tegesé: medang goeloening wong tigas kapisanan. Kabisan manganjau ikoe di-adji-adji banget, moelané botjah tjilik-tjilik wis pada digegoelang menganjau. Ing saben désa ana wongé kang pinter manganjau, ja ikoe sing dadi goeroené prekara mengkono ing désa maoe. Tjoemploengé wong kang di-kanjau (ditigas) maoe dirawati kanggo tanda kekendelan; endi kang wis akèh, ja ikoe pretanda kendel. Kedjaba di-anggo nélakaké kekendelané, ia digawé toembal. Sawenèhing désa wongé ora kena rabi, jèn doeroeng dadi kanjau, ja ikoe wis taoe nigas goeloening wong. Déné prawané ia ora gelem dirabi, jèn ora olèh toekon endasing wong. Menawa panoedjoe sidekah memoelé leloehoeré (jèn wong Djawa: roewahan) wong lanang sedésa pada loenga manganjau, sebab seka piandelé, wong kang di-kanjau maoe bandjoer dadi batoering leloehoeré kang wis mati. Wong Dajak ikoe kang akèh tjrobo, moelané koelité akèh kang kebak déning lelara, kaja ta: goedig, kadas, sapenoenggalané bangsa lara koelit. Wong Dajak kang arang-arang sesrawoengan karo wong ngamantja, penganggoné isih kaja wong alasan. Wongé lanang tjawetan. Kang di-anggo tjawet koeliting wit-witan di-epèk ing djero, pemoerihé lemes. Déné kang wadon tapihan djigrang tekan ing dengkoel, saboeké pendjalin. Jèn ana sadjabaning omah, lanang wadon nganggo klambi, sing digawé ia koeliting kajoe. Klambiné maoe ana kang nganggo lengenan, ana kang ora. Kang wis kerep sesrawoengan lan wong mantja, penganggoné béda, pada nganggo sandangan saka mori, kèper sapenoenggalané. Sing lanang tanpa iket. Nanging lanang wadon demen banget marang ali-ali, gelang, kaloeng, krontjong lan lia-liané. Awaké pada diradjah (di-tjotjo-

hi), digambar wit-witan, kéwan-kéwan sapenoenggalané.

Wongé lanang jèn metoe saka ing omah, mesti sikep gegaman, ditjangklong ana ing sisih kiwa. Déné jèn perang gegamané warna-warna, kaja ta: sepit tamèng, klambi keré, kopjah pendjalin; saweneh ana kang nganggo waloelang gogor ing geger, boentoeté kemlawèr ana ing boeri.

Pedésané wong Ḍajak ikoe kang akèh tjeḍak lan kali. Moelané mengkono soepaja anggampangaké jèn leloengan. Omahé kaja langgar, wangoené los dawa (klabang njander), kang digawé kajoe alas kang awèt. Omah sidji di-enggoni wong pirang-pirang somah. Ingisoré (longan) kanggo ingon-ingoné, kaja ta: pitik, babi, sapenoenggalané. Jèn ana kang rabi oetawa laki, omahé diwoewoehi seṭiṭik, di-anggo panggonané pengantèn anjar maoe. Moelané omahé saja lawas sangsaja geḍé lan saja akèh sing ngenggoni. Dawané omah maoe ana kang nganti 250 M., ambané 20 oetawa 30 M. Ingarep nganggo èmpèr digawé leloenggoehan ngiras pawon. Ing djeroné disingget-singget, saben sakamar di-enggoni wong sasomah. Pajoné ana djeṇḍélané, kanggo dalam koekoes sarta dalam pepaḍang. Mèh saben désa ana omahé tjilik, kanggo koempoelan ramé-ramé, pemoṇḍokan wong mantja lan petoeroné para djedjaka.

Wong Ḍajak ikoe jèn wiwit anggarap petegalané, gawé pemoṇḍokan ana ing kono, di-enggoni sa-anak bodjoné nganti tekan mangsa pengoeṇḍoehé. Nalika ikoe kang toenggoe désa moeng wong toea-toea baé, kang wis ora koeat njamboet gawé.

Praboting omah moeng presadja baé, saweneh ana kang doewé belanga oetawa tempajan, roepané kaja genṭong, ananging meling-meling; ing djaba ana gambaré naga. Saka tjritana wong Ḍajak, belanga maoe gawéané wong Madjapait. Jèn isih toelèn belanga maoe regané larang banget, sedjoḍo kongsi teloeng èwoe roepiah. Moelané regané larang, djalaran kasiaté geḍé banget. Tempajan maoe ana kang ngarani tekané saka ing langit. Saben taoen dimemoelé, di-oesar-oesari getih pitik.

Wong Ḍajak ikoe agamané rada kaworan agama Indoe setitik. Déwa-déwané kang kawasa ana loro, ja ikoe *Djata* lan *Djébata* (*). Ana oega kang wis mandjing agama Islam. Ing Bornéo-kidoel tetoenggoeling déwa di-arani: *Atala* (†). Djata maoe saka piandelé wong Ḍajak panggonané ana sadjroning lemah oetawa kali. Jèn nepsoe noeli oetoesan baja dipoerih mangsa wong. Jèn ora baja sing dadi oetoesan, ia lelemboet kang ala atiné, di-ekon gawé pegebloeg; djenengé lelemboet maoe *ontoh* oetawa *hantoe*. Déné lelemboet kang betjik, ja ikoe kang ora sikara marang wong, arané *Sanghjang,* doenoengé ana ing langit.

Wong Ḍajak ikoe ora pati moeljakaké njawaning leloehoeré. Saka penemoené njawaning wong kang mati ikoe ana kang moenggah ing swarga, ana kang nitis ing wong, lan ana kang nitis ing kéwan oetawa ṭeṭoekoelan, moelané daginging sawenèh kéwan ana kang disirik, kaja ta: sapi, mendjangan, sapenoenggalané. Mengkono maoe ka-aranan *pali,* tegesé: larangan. Penoenggalané pali ja ikoe: ora kena njeboetaké djenengé ḍéwé, ora kena njeboetaké oraning bapa bijoeng, ora kena loemeboe ing omah kang ana wongé mati, lan lia-liané manèh. Wong Ḍajak ikoe goegon toehon banget, ngandel marang ngalamat, djimat lan toembal.

Wong Ḍajak ikoe ora doewé keboejoetan sarta arang-arang kang doewé brahala, nanging sawenèh ana kang doewé golèk kajoe, didokok ana ing pekoeboeran, di-anggep gambaré wong kang wis dipatèni. Wong Ḍajak ikoe jèn memoelé oetawa sidekah, kang dadi imam loerahé. Déné ing Bornéo sisih kidoel ora mengkono, nanging pantjèn ana kang kawadjibaké ngimami sidekah maoe, arané *basîr;* jèn wadon aran *walian* oetawa *balian*. Basir sarta balian maoe paḍa dadi préwangan, kepandjingan déning sanghjang, lan kena ditakoni samoebarang kang doeroeng kelakon.

(*) Djébata *ikoe saka temboeng:* déwata.
(†) Atala *saka temboeng:* الله تعلى

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sidekah lan memoelé ikoe dadi kasenengané wong Ḍajak, sa-oepama bisaha, saben dina amesti slametan oetawa memoelé. Déné gelemé njamboetgawé ikoe moeng djalaran kapeksa saka kekoerangan.

Pengoepadjiwané wong Ḍajak ikoe nandoer pari gaga, djoeawoet lan lia-liané. Déné kang diprelokaké banget: amèk iwak, ambeboeroe, golèk pametoening alas. Sawenèh gegawéan, nganam pendjalin, epring sapenoenggalané. Ḍadi panḍé ia ana kang bisa, kaja ta: gawé arit, mandau (†) lan gegaman liané manèh.

Basané wong Ḍajak ikoe warna-warna banget, ora béda karo kèhing bangsané; sédjé désa, sédjé bangsa lan basané. Prekara ikoe wis ana sardjana Europa kang marsoedi nganti semoeroep terang marang basa-basané wong Ḍajak maoe. Ketrangané wong Ḍajak ikoe ora doewé sastra ḍéwé, moelané pentjaring tjara moeng serana timbal-temimbal.

Wong Ḍajak ikoe ora doewé panggeḍé kedjaba moeng loerahé ing désa kono. Terkaḍang sing dadi loerah maoe wong wadon. Loerah ikoe angrampoengi menawa ana pasoelajan, lan amrenata peperangan. Désa-désa kang woes kebawah Kangdjeng Gouvernement loerahé diwadjibake asok boeloebekti.

---

8. WONG BOEGIS LAN MEKASAR.

Moenggoeh wong Boegis lan Mekasar ikoe basa sarta adat tjarané mèh ora béda, moelané daktjeritakaké bebarengan. Sakaroné maoe ia manggon ing poelo Celebes. Wong Boegis manggon ana ing district Wétan sarta ana ing pesisiré soenglon Boné. Déné wong Mekaser manggon ana ing Goa, Takalar, district Kidoel.

Adat tjarané wis aloes, wataké béda karo bangsa Melajoe liané, isinan, boetarepan, ora ḍemen ka-erèh ing wong lia, kendel-kendel sarta ḍemen alakoe dagang lajar.

(†) Mandaw *ikoe kajadéné arit, nanging gedé sarta dawa. Ing Medoera aranè* tjaloek.

Penganggoné nélakaké jèn wis weroeh ing tata, wongé lanang nganggo klambi tjekak, kang digawé mori, kang ngarep ambaledèh; tjelanané tjekak moeng tekan ing dengkoel; penganggoné saboek ana ing bangkékan. Saboek maoe ngiras kanggo njengkelit keris. Jèn metoe saka ing omah pada nganggo saroeng. Wongé wadon pada nganggo kebajak landoeng, ia saroengan, malah rangkep. Jèn metoe saka ing omah, saroengé kang djaba di-anggo koedoeng, ditjara mekena, sarta pada nganggo slendang kaja tatané wong Djawa. Ramboeté lanang wadon sing loemrah di-ingoe dawa, moeng para santri lan kadji kang pada goendoel. Déné kang doedoe santri oetawa kadji pada nganggo iket, sawenèh nganggo kopjah.

Omahé adapoer langgar, sing digawé kajoe lan pring, pajoné rontal (godonging oewit-oewitan oetawa kropak), kang loemrah tanpa djendéla. Ing djero disingget dadi loro, kang boeri kanggo wong wadon, kang ngarep kanggo wong lanang. Kang boeri arané *djadjarang*, ikoe dikeker banget. Déné longané di-anggo ngingoe-ingoe minangka kandang. Alia omah sing di-enggoni ana manèh omah tjilik-tjilik liané piranti anemoni dajoh, kanggo pawon oetawa lia-liané. Sarèhning omahé kaja panggoeng, dadi ana andané kanggo moenggah. Satjedaking anda disediani banjoe, soepaja jèn arep moenggah, wisoeh disik, dadi ora reged. Agamané wong Boegis lan Mekasar ikoe Islam, kajadéné wong ing tanah Djawa; mèh saben désa ana langgaré sarta mesdjid. Senadyan sekaroné ikoe enggoné mandjing agama Islam wis soewé, éwadéné adat tata tjarané ing djaman koena isih dileloeri banget, goegon-toehoné angoeng-koeli wong Djawa. Sing diwedèni banget *pontéanak* (*), *popokang* (tjara Mekasar; tjara Boegisé *peppo), poadjoe* lan demit lia-liané. Kedjaba ikoe ana edjiné sawidji kang diwédèni, ja ikoe *Kraéng Lowé*, tegesé: toean Besar. Panggonané ana ing goea kang gedé. Ing Bantaèng ana watoe dawa, ikoe di-anggep gambaré karaèng Lowé maoe.

(*) Pontéanak *wong Djawa ngarani* soendel bolong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ing kono disadjèni sarta dikoetoegi, disoewoeni sawab lan banget dipoendi-poendi.

Saben désa ana omahé pepoendèn, kanggo ngrawati poesaka ing kono, arané: *aradjang* oetawa *gaoekang*. Aradjang ikoe temboeng Boegis, tjara Mekasaré: *kalompawong*, tegesé poesaka negara. Déné gaoekang ikoe temboeng Mekasar, tjara Boegisé *gaoekang*, tegesé: barang kang aèng. Woedjoeding poesaka kang sinimpen ana ing kono ikoe ora mesti, terkadang gegaman, kaja ta: pedang, toembak, keris sapepadané. Sawenèh aroepa: gendéra, watoe, ojod lan lia-liané. Piandelé wong Mekasar lan Boegis gaoekang ikoe kang di-enggoni danjanging désa oetawa negara, moelané diwedèni banget. Radja-radja ia pada kagoengan gaoekang. Danjangé kang manggon ing gaoekang kono di-anggep angreksa marang radja sagarwa poetra sentanané. Sa-oepama ana perang, mangka gaoekangé wis katjekel ing moengsoeh, radja maoe wis ka-anggep sirna pengoeasané.

Ing tanah Boegis lan Mekasar isih ana doekoen kang aran *bissoe* (†), ikoe banget diwedèni ing wong. Sawenèh ana wong wadon dadi doekoen kaja mengkono, arané *pinati*, déné gawéné andjaga poesaka negara lan oega andjoeroekoentjèni karaèng Lowé.

Wong Boegis lan Mekasar ia pada doewé sastra, metik saka sastra Indoe. Basané noenggal warga lan basa Djawa, mèmper basa Melajoe, apa manèh ia keleboe aloes. Akèh lajang-lajang kang katoelis ing basa lan sastra maoe.

Pengoepadjiwané: tetanèn, dagang lelajaran, misaja iwak, ngingoe radjakaja. Ing Bantaèng lan ing Boeloekoemba akèh wong kang bisa gawé praoe betjik. Prakara, gegawéan ia ora pati tjoto, kaja ta: wong Celebes-Kidoel bisa nenoen saroeng kang betjik nganti misoewoer. Sakiwa-tengening Mekasar akèh wongé kang agawé grabah. Déné gegawéan kang misoewoer dewé jaikoe: lenga Mekasar, bangsané lenga wangi.

(†) Bissoe *ikoe temboeng Sanskrita*: biksoe.

9. WONG ALFOEROE.

Bangsa Alfoeroe ikoe manggon ing poelo Celebes tengah lan Lor, ka-éwokaké bangsa Melajoe, nanging doeroeng weroeh ing tata. Ana oega kang wis weroeh ing tata, malah kena ka-aranan poendjoel tinimbang bangsané ḍéwé, ja ikoe wong Minahasa, tjatjahé koerang-loewih 223 èwoe, adaté kang kasar-kasar wis kaboeang. Wong semono maoe mèh separo kang mandjing agama Kristen.

Kang ka-aranan Alfoeroe toelèn ikoe kaja ta: wong Toradja, panggonané ing Celebes tengah. Wong ing kono ikoe pawakané, adat lan tjarané mèmper banget karo wong Ḍajak; bédané moeng ora pati ḍemen kerengan, lan ia kagolong sregep njamboet gawé.

Wong Alfoeroe ikoe ia goegon-toehon banget kaja wong Ḍajak lan wedi marang *posan* (*) ngandel marang djimat-djimat sapepaḍané. Ḍemené nigas goeloening wong paḍa baé karo wong Ḍajak. Ing kono ana goeroené nigas, arané: *teteroesan*. Botjah-botjah sing dadi moeridé jèn wis pinter bandjoer dislameti kajadéné kataman, sarta bandjoer dikon manganjau (nigas). Teteroesan maoe kedjaba moelang nigas jèn ana wong manganjau, ḍèwèké kang dadi imamé, loemakoe ana ingarep. Déné kang bakal nigas ing boeriné, dadi ngiringaké ḍèwèké, sarta nganggo djimat enḍasing manoek (**), amerga saka piandelé, jèn wis nganggo djimat maoe ora pasah sakéhing gegaman.

Bab penganggoné wong Alfoeroe ia mèmper karo wong Ḍajak; tjaweté ka-aranan *tjiwako*. Gegamané kang dianggep perloe ḍéwé jaikoe panah sagenḍéwané. Panahé loewih déning ampoeh, djalaran mawa wisa. Kéwan oetawa wong kang kataman panahé, akèh kang bilai.

Omahé kang digawé kajoe lan pring, wangoené kaja langgar, sakané kajoe tambesi. Jèn arep ngadegaké omah,

---

(*) Posan = ila-ila.

(**) Manoek taoen, *temboengé Welanda*: jaarvogel.

koedoe nganggo toembal ẹndas oewong, dipenḍem ana ing djrambahé. Déné omahé ora geḍé kaja omahé wong Ḍajak, djalaran omah sidji moeng di-enggoni wong loro oetawa teloeng somah.

Agamané wong Alfoeroe ikoe memoelé soekmaning leloehoeré, lan ia mengéran marang dajaning kodrat, kaja ta: srengéngé, remboelan, angin, oedan, sapenoenggalané. Njawaning leloehoeré ka-aranan: *kasoeroean*. Para déwa penganggepé paḍa kahjangan ana ing swarga, di-arani *kasendoekan*, doenoengé ana ing poetjaké goenoeng Sapoetan. Déné déwa kang ambaoe reksa goenoeng maoe ka-aranan *Empoeng Sapoetan*. Ing saben désa ana ḍanjangé, ikoe kang ambaoe reksa wong sedésa, nanggoelang *sasakit* oetawa *sawang*. Sasakit oetawa sawang maoe araning djim kang gawéné anggoḍa marang manoengsa. Kedjaba saka ikoe ia ngimanaké banget marang *empoeng toea*, tegesé embah oetawa kaki, ja ikoe kang dadi tetoenggoelé para machloek kabèh.

Saka piandelé wong Alfoeroe, angger wong baé mesṭi didjaga déning djim, ja ikoe kang selawasé oerip ora taoe pisah karo wongé. Wong Alfoeroe ikoe ora doewé mesdjid oetawa kaboejoetan, nanging terkaḍang sok ana sing doewé tepèkkong, ja ikoe kang dianggep ḍanjang sadjroning omah.

Basané wong Alfoeroe ikoe warna-warna banget, mèh saben désa ana basané ḍéwé, sa-irib wong Ḍajak. Ananging ing Minahasa mèh seḍéngah wong bisa matja lan noelis basa Melajoe nganggo aksara Welanda, sebab wis akèh bangsa Europa kang mentjaraké kasoesastran lan basa maoe.

Lakoené tetanèn paḍa toeloeng-tinoeloeng kaja déné pekoempoelan, aranė *mapaloes*. Ing kono ana kang dadi leloerahé kang amranata pegawéan, sarta ana ḍoekoené, kang gawéné anggolèki dina betjik jèn panoedjoe arep menandoer, apadéné njoewoen berkahé para déwa.

Prakara gegawéan wong Alfoeroe kena di-arani tjoṭo, moeng sawenèhing negara, kaja ta: ing Mangandau

wongé wadon pada bisa nenoen djarit, nganam klasa, gawé lampit. Déné wong Alfoeroe ikoe kang dipinteri moeng andèrès, moelané — senadyan isih botjah — wis diwoelang. Ing Toradja wongé pada bisa melik wesi. Wesi maoe diloeloeh noeli digawé gaman warna-warna.

---

10. WONG BALI.

Wong Bali ikoe ana teloeng pérangan, ja ikoe:

I. Bali Aga,

II. Bali Madjapait,

III. Bali Selam.

Kang ka-aranan Bali Selam ikoe toeroené wong Djawa, Mlajoe, Boegis sapenoenggalané karo wong Bali. Déné agamané Islam, doenoengé kang akèh ing pesisir, nanging tjatjah djiwané ora pati akèh.

Bali Aga ikoe toeroené wong Bali kang wis koena-kemoena manggon ing kono. Doenoengé kang akèh ana ing Boelèlèng sisih Koelon, agamané koena banget, ja ikoe agamané wong Bali dek doeroeng ana wong ngamantja mrono. Jèn mati majidé ora dipendem, moeng di-entang-entangaké ana ing pesétran baé, dadi memangsané gagak, asoe sapenoenggalané kang dojan mangsa bangké.

Ing Kloengkoeng ana wong Bali Aga kang basané béda banget karo wong lia-liané.

Kang aran Bali Madjapait (wong Madjapait) ikoe toeroené wong Djawa lan Indoe dek pada ngalih mrono, kalané djaman Madjapait. Pawakané, praèné béda banget karo wong Bali Aga. Wong Madjapait pada éndah warnané; jèn katanding karo wong Djawa lentjir-lentjir wong Madjapait maoe, awit warnané ora pati ireng, matané blalak-blalak, ramboeté ireng adawa, sawenèh pating prentel. Wong wadon pawakané loewih sentosa tinimbang wong lanang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Wongé lanang ramboeté di-oentèl-oentèl bandjoer ditalèni nganggo mori poetih oetawa abang, pating klawèr ana ing geger, terkadang nganggo soemping kembang; ora ana tjaranè wong nganggo klambi, jèn adem moeng kemoelan. Déné kang di-anggo kemoel, jèn wong soegih, tjindé, aranè *kampoeh*. Jèn wong mlarat nganggo kemoel bebed oetawa djarit, arane *kemben*. Jèn bebedan djigrang moeng toemeka ing dengkoel, nanging lempitané landoeng nganti kangsrah ing lemah. Wong Bali ia pada nganggo saboek, ngiras kanggo ngandoet barang-barang. Kerisé gedé adawa, rangka lan oekirané gedé banget, disengkelit ana ing geger, ka-aranan *kawoeta*. Rangkané mèh papak lan poendake. Jèn loenga pada nganggo klambi kotang. Déné sing wadon ramboeté dawa-dawa, geloengé kondé, nganggo kembang tjepaka oetawa mawar. Botjahé wadon kang doeroeng laki, kondéné nganggo ditalèni klèntjèr-klèntjèr, tanda jèn isih prawan; ora ana kang nganggo klambi, moeng jèn ngiring wong mati oetawa sembahjang baé pada nganggo kemoel. Déné botjah-botjahé tjilik pada woeda baledjed. Soewengé wong Bali kang digawé emas; kang di-anggo elar-elar godong siwalan, ambané wetara satebah (geblog); gelang, kaloeng, krontjong ia loemrah kanggo, nanging semoené groboh, ora pèni.

Kang dadi pangané wong Bali ikoe sega, lawoehé presadja banget, ora bisa gawé lelawoehan oetawa pepanganan kang anèh-anèh; arang-arang banget mangan iwak, moeng pendak sidekah baé olèhé pada mangan, nanging daging sapi dikaramaké. Wong Bali ikoe kang dadi pekaremané njerèt. Ikoe tjatjad kang gedé banget. Kang dadi kasenengané: wajang, gamelan, ngadoe djago, ngabotohan lan lia-liané. Wateké kemloengkoeng, kendel-kendel, ora kena katjentok ing basa, tresna banget marang tanah kelahirané, ora demen goroh, sarta petel ing gawé. Nanging tjatjadé kedjaba njerèt, tjrobo; ia rong warna ikoe sing nenarik tjatjad lia-liané.

Wong Bali agamané kang akèh Brahma, nanging ora toelèn, wis kawoworan agama liané. Moeng sing bangsa

loehoer agamané Siwah. Dénè wongé tjilik paḍa mengéran marang ḍanjang perkajangan sing ambaoereksa, lan lia-liané manèh. Banget pemoenḍi-moenḍiné marang njawaning leloehoeré. Saben pekarangan ana sanggar palanggatané, aran *poera* tegesé: pamoedjan, aḍapoer omah tjilik, ja ikoe panggonané jèn panoedjoe anadjèni ḍanjang, baoereksa, njawaning leloehoeré sapepaḍané.

Ing saben désa ana omah kang di-arani *balé agoeng,* ja ikoe panggonané wong sedésa jèn kabener sidekah, djaré: kang ambaoereksa balé agoeng maoe aran *djerotaktoe,* ikoe bangsa aloes. Déné kang aran *kahjangan* ikoe kaboejoetan panggonané wong memoedja Baṭara Siwah.

Omahé wong tjilik kang loemrah èndèk lan tjilik, sing digawé bata mẹntah, pajoné aṭep; pekarangané kinoebeng ing ṗager bata mentah ḍoewoer sarta kandel. Saben pekarangan omahé pirang-pirang, sebab di-enggoni wong sa-anak poetoene. Omah kang di-enggoni wong kang doewé pekarangan, aranè *metèn,* sarta doewé papan panggonan anemoni ḍajoh, aranè *balé mandeng.*

Wong Bali ikoe jèn arep rabi, tjaranè ana teloeng warna.

I. *Mapaḍik,* tegesé: wong kang ditakokaké nganggo ditoekoni. Toekoné 20 nganti 100 roepiah, terkaḍang kongsi 600 roepiah oetawa loewih, nanging arang. Déné jèn kang nakokaké ora bisa ambajar toekon, koedoe magang ḍisik; jèn tjara Djawa ka-aranan: njantri.

II. *Merangkat,* tegesé bakal bodjoné ikoe di-inggataké ḍisik lan diḍelikaké, nanging ora kelawan peksa.

III. *Melagaṇḍang,* tegesé: ia ngingataké kajadéné marangkat, nanging tjaranè rodapaksa. Jèn enggoné ngoempetaké wis lawas sarta ora katjaṇḍak, kang ngingataké maoe bandjoer nemoni bakal maratoeané, remboegan bab toekon. Menawa ora bisa roedjoek remboegé, sing wadjib angrampoengi radjané, ikoe kang ngroekoenaké lan nambeli sepira kekoeranganing toekon.

Wong wadon Bali ikoe banget disia-sia déning bodjoné; wewenangé demoenoeng ana ing wong lanang kabèh, moelané wong wadon kena di-arani ilang djenenging

kamanoengsané, djalaran di-asoraké banget. Randa kang doedoe bangsa Brahmana, dadi batoeré toekon sang Radja. Radja ing Bali ikoe koeasané tanpa wangenan, wenang gawé sakarep-karep, ora ana wong sing bisa menggak karsané. Pangkaté sineboet *Anak agoeng* oetawa *sang poerwa boemi*.

Pengoepadjiwané kang bakoe tetanèn. Wong ing kono baoed banget nandoer pari. Pemetoening tetanèn kang dikirimaké marang lia negara, kaja ta: beras, kopi, kopra, lenga klentik lan lia-liané. Wong Bali ia pinter gegawéan, malah akèh kang soegih, djalaran saka enggoné gegawéan barang dandanan. Ing Kloengkoeng akèh pandé lan empoe sing misoewoer. Wong kang bisa gawé gamelan ia akèh, ngoekir-oekir kajoe, nenoen, njoelam nganggo benang mas oetawa slaka lan sapenoenggalané. Wong sing ambatik arang-arang, déné batikané ora pati betjik.

Wong Bali ikoe jèn mati, majidé koedoe di-obong. Jèn ora mengkono, njawané mesti ora bisa moenggah marang swarga. Sawisé di-obong, awoené majid maoe noeli dilaboeh menjang segara. Sarèhning wragadé ngobong ikoe akèh banget, dadi toemrapé sing ora bisa ngragadi nalika ikoe, majid maoe bandjoer dipendem disik. Pengobongé ngentèni jèn wis ana wragadé, terkadang nganti taoenan lagi didoedoek di-obong. Déné menawa majidé wis sirna, djalaran saka soewéning pemendem, bandjoer gawé wong-wongan saka godong siwalan, ikoe kang di-obong. Sa-oepama ana wong kang mati ana ing tanah sabrang (ora ana ing Bali) majidé ia dipendem, nanging ahli warisé bandjoer gawé wong-wongan kaja kang kaseboet ing doewoer maoe, noeli ka-obong.

Lajoné para radja ikoe pengobongé ramé banget, persasat pista gedé; wragadé ia nganti pirang-pirang èwoe. Kedjaba mengkono garwa oetawa seliré kang pantjèn tresna, pada béla, arané *masetya*. Saweneh batoer-batoeré ia ana kang mèloe béla, tjiptané: bisaha toeloes andèrèk ana ing kaswargan, nanging pranatan mengkono ikoe sa-iki wis dilarangi banget déning Kangdjeng Gouvernement.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. WONG PAPOEAH.

Wong Papoeah ikoe manggon ana ing poelo Nieuw Guinea (watjanen Nioe Ginéa). Poelo maoe kang sisih Koelon kabawah ing Nederland.

Wong Papoeah ikoe kekoelitané abang semoe ireng, kajadéné soklat, ramboeté ireng pating prentel, endasé londjong. Teloeng prekara ikoe kena di-anggo titikané wong Papoeah. Pawakané ora mesti, ana kang gedé doewoer, ana kang tjilik, ana oega kang sedengan.

Penganggoné wong-wong maoe ing sapanggonan-sapanggonané ora pada. Ing sisih Koelon: wongé wadon pada tapihan, djalaran wis ngerti marang mori lan pigoenané. Déné ing pesisir Kidoel satjedaké désa Toegeri wongé wadon pada nganggo ompok-ompok baé, wongé lanang akèh kang woeda, terkadang nganggo awer-awer, moeng kanggo noetoepi wadiné tok. Ing pesisir Lor ikoe panggonané wong Papoeah telandjang. Wongé wadon jèn doeroeng laki, woeda ambaledjed. Déné menawa wis laki, nganggo tapih koeliting kekajon. Wongé lanang enom toea pada woeda kabèh. Sarèhning saja soewé sangsaja akèh wong mantja sing mrono, dadi penganggonéènggal banget oahé, lanang wadon demen sandangan, kaja ta: gelang, kaloeng sapenoenggalané. Awaké pada disoengging warna-warna, kang dianggo lempoeng, endjet, angoes, terkadang diradjah (ditjotjohi).

Ramboeté andadi, ikoe ia direngga warna-warna, ana kang dioesar-oesari lempoeng, ana kang ditjoendoeki gegodongan, kekembangan sapenoenggalané. Wong ing désa Toegeri ramboeté pada ditjoendoeki gegodongan kongsi rompjo-rompjo. Iroengé ing djero (djanoeré) sarta ing djaba pada dibolongi, kajadéné dikeloeh, disèlèhi rerenggan roepa-roepa, mengkono oega godohing koepingé. Déné kang digawé angrengga ja ikoe: oentoe tjèlèng, baloeng, pring sapepadané. Kang digawé kaloeng, gelang, kelatbaoe, ikoe ojod-ojodan, terkadang bangsaning djamoer kang warnané ireng sarta gilap.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Ing alas ana wong kang ora tetep pemanggoné, di-arani wong *alas*. Wong pesisir wédi banget marang wong alas maoe. Wong papoeah ikoe kang akèh-akèh, kedjaba wong alas, pemanggoné tetep. Omahé kaja langgar, perloené ora gampang tinempoeh ing moengsoeh. Sakané dawa-dawa banget, nganti 6 M. Terkaḍang omahé ana ing segara kang tjetèk, oetawa ana ing poelo èndèk, dadi jèn panoedjoe rob, bisa kaleban banjoe. Wangoening omah béda-béda, ana kang nganggo molo, ana kang pajoné mèmper ṭoṭok boeloes. Pageré kang digawé klikaning kajoe, oetawa papahing sagoe. Pajon maoe kang digawé goḍong sagoe oetawa panḍan. Omahé tanpa djenḍéla, lawangé moeng sidji, terkaḍang loro. Ing djero disingget-singget dadi senṭongan tjilik-tjilik, di-enggoni ing wong kang wis laki oetawa wis rabi. Pawoné sidji sarta moeng ngeblak baé, mèmper beḍiang. Satjeḍaking pawon ana dandang, koeali, sapenoenggalané. Kedjaba pawon ia sok ana papan kanggo andadèkaké geni, kanggo api-api ngiras ngilangaké lemoet.

Wong Papoeah bisa oega gawé praoe, déné kang digawé wit sidji, digerongi mèmper lesoeng. Wong ing Toegeri baoed-baoed gawé praoe, ana kang dawané 60 kaki. Patrapé enggoné anḍajoengi karo ngadeg. Ana manèh praoe kang anèh banget, ja ikoe kang dianggo ana ing tlaga Sentani, tjanṭiké ngarep boeri mlengkoeng mendoewoer nganti ḍoewoer banget. Djalaran kang mengkono ikoe, jèn praoe maoe ditjemploengaké ing banjoe tanpa ditoenggangi, bandjoer angglimpang, amarga kabotan tjanṭik. Ananging menawa ditoenggangi, saking pinteré kang noenggang lan angolahaké ḍajoeng, praoe maoe bisa djedjeg. Sawenèh ana praoe sing mawa lajar. Déné lajar ikoe sing digawé klasa panḍan, didomi geganḍéngan.

Pengoepadjiwané wong Papoeah ikoe ambeboeroe, misaja iwak lan tetanèn sawetara. Mèh sekabèhing kéwan dipangan dagingé, kaja ta: tjèlèng, baja, oela sapenoenggalané. Ana oega kang disirik iwaké, ja ikoe kéwan kang kinira kepandjingan njawaning menoengsa. Moenggoeh piranti

pamisajaning iwak ikoe loemrahé djala oetawa djaring. Penjekelé iwak kang wis kleboe ing djaring nganggo tjempoeling, malah ana kang nganggo panah oetawa toembak. Jèn ing wajah bengi enggoné golèk iwak maoe nganggo obor. Ing tlaga Sentani ana papan saḍoewoering banjoe ditjara ambèn-ambénan, preloené di-anggo mantjing, andjala lan lia-liané.

Enggoné tetanèn aran ora madjoe, djalaran saka kèhé wit sagoe, dadi ora merlokaké nenandoer, angemoengaké andjoepoeki sagoe maoe. Sagoe sa-oewit tjoekoep dipangan ing wong sa-anak bodjoné nganti sesasi oetawa rong sasi, moelané ora moenḍak kawroehé. Sagoe maoe pengolahé digoḍog digawé boeboer, terkaḍang dibakar oetawa di-epès. Pemetoené palakirna pengolahé ia moeng dibenem oetawa digoḍog baé. Wong Papoeah kang adoh lan pesisir paḍa ora ngerti oejah. Ingon-ingoné ora ana manèh kedjaba babi; penjekelé ḍèk isih tjilik, jèn wis geḍé disembelèh.

Wong Papoeah ikoe ing sawidji-widjining désa karo désa liané kena di-arani satroe beboejoetan, éwadéné ia paḍa gelem dedagangan, malah enggoné adol-tinoekoe loewih ramé. Patrapé serana idjol-idjolan, wong pesisir nampani barangé wong pegoenoengan, didolaké marang wong mantja. Dadi wong pesisir ikoe minangka parané. Baṭiné ia kaleboe akèh.

Ing pesisir Koelon ana barang kang bisa dadi gegentining ḍoewit, ja ikoe woedjoed mori biroe. Mori biroe maoe di-anggo tetoekoe, dilirak-lirokaké, soewé-soewé rowak-rawèk, roepanè ora karoehen, bandjoer ora kanggo.

TAMMAT.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PRATÉL

Beboeka ....
1. Wong Soe
2. „ Me
3. „ Ba
4. „ Ter
5. „ Mí
6. „ Ba
7. „ Da
8. „ Bo
9. „ Al
10. „ Ba
11. „ Pa

PRATÉLAN ISINE LAJANG PARA BANGSA.

		Katja.
Beboeka	.....	3
1. Wong	Soenḍa	5
2. „	Medoera	6
3. „	Badoewi	8
4. „	Tengger	10
5. „	Mlajoe	12
6. „	Batak	15
7. „	Ḍajak	18
8. „	Boegis lan Mekasar	22
9. „	Alfoeroe	25
10. „	Bali	27
11. „	Papoeah	31

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL

